



**Dosye byenvini  
Paran/Gadyen**

## Byenvini nan First Steps!

Pitit ou an te rekòmande ak First Steps akòz yon enkyetid konsènan devlopman li. First Steps kwè se ou menm ki konnen pi byen pitit ou an, epi nou vle ou kontwole desizyon yo ki gen rapò ak li yo. Dosye byenvini sa gen ladan l enfòmasyon sou pwogram First Steps la pou ede fanmi ou fè chwa sa epi kòmanse travay avèk nou.

## Misyon nou

First Steps se pwogram entèkansyon prekòs Indiana. N ap travay an patenarya avèk fanmi Hoosier yo tankou pa w la kote jèn timoun yo ki prezante reta devlopman epi n ap mete ou an kontak avèk sèvis k ap favorize devlopman pitit ou an.

## Kòman First Steps ap ede ou

Nou panse fanmi yo se pi bon anseyan pou pitit yo a. Se poutèt sa nou konsidere ou tankou yon patnè epi tankou eleman santral devlopman pitit ou an.

Pitit ou an aprann pi byen nan kad aktivite chak jou yo tankou jwèt avèk moun yo abitye nan yon anviwònman y o abitye oswa estrikti akèy ou.

First Steps la pou bay fanmi ou mwayen pou aji, lè l ap bay bon resous yo pou favorize devlopman pitit ou an. N ap ofri yon rezon soutyen nan nivo Leta epi vize pou rankontre ou la kote ou ye a. Pratik nou yo, ap evolye yon fason konstan toujou baze sou prèv rechèv aktyèl yo pou pi byen reponn ak bezwen ou yo!

Nou kontan pou akonpaye w nan devlopman pitit ou an epi nou la pou reponn ak tout kesyon ou yo. Pa ezite kontakte kòdonatè sèvis ou an pou tout kesyon oswa preyokipasyon.

**Non Kowòdonatè Sèvis la (Service Coordinator Name)**

**Nimewo Telefòn (Phone Number)**

**Adès Imèl (Email Address)**

# Sèvis Yo

Objektif First Steps se pou bay ak fanmi yo Hoosier yo mwayen pou aji. Nou vle sa ki pi bon pou ou ak pitit ou an epi mete ou an kontak avèk yon rezo soutyen pou ede pitit ou an aprann epi grandi.

## Plan sèvis familyal endividyalize (IFSP)

Plan sèvis familyal endividyalize a oswa IFSP se plan aksyon pou sèvis pitit ou an ak fanmi ou pral resevwa yo. Ekip evalyasyon nou an ak kòdonatè sèvis nou yo ap travay avèk ou epi medsen ou pou reponn ak preyokipasyon ou yo konsènan sèvis yo ki pral fè pati de plan sa.

## First Steps Mete Fanmi a an Premye

First Steps toujou bay priyorite ak fanmi an. Paran yo se premye epi se pi bon anseyan timoun lan. - Se yo ki konnen abitud pitit yo a pase nenpòt lòt moun. Entèvansyon prekòs la pi efikas lè paran yo responsabilize antanke manm egal ekip yo epi jwe yon wòl aktif nan devlopman pitit yo a.

Nou ankouraje kolaborasyon. Founisè ou an pral travay avèk ou pou asire ke pitit ou an resevwa swen yo ak ansèyman apwopriye yo nan chak etap nan pakou li.

## First Steps kapab ede ou antre an kontak avèk:

### Odyoloji

Odyoloji enplike yon moun ki fòme pou teste odisyon pitit ou an epi detèmine si gen yon pèt oditif, ki gravite pèt sa epi ki jan de pèt li ye. Odyolojis yo kapab rekòmande yon ekipman espesyal tankou yon pwotèz oditif oswa lòt sèvis pou soutni devlopman kominikasyon pitit ou an.

### Terapi Devlopman (DT)

Terapet devlopman yo konprann trè byen devlopman an, aprantisaj ak konpòtman timoun lan. Yo kapab konsewa kèk anviwònman ak aktivite k ap favorize devlopman pitit ou an nan divès domèn, tankou tretman konitif, entèraksyon sosyal, akizisyon langaj ak konpòtman difisil yo.

### Sèvis Nitrisyon

Nitrisyon an konsène abitud alimantè yo ak konpetans nan sa ki gen pou wè ak alimantasyon. Dyetetisyen yo kapab ede ou konprann kòman kwasans pitit ou an enfliyanse pa alimantasyon an epi kòman pou rezoud pwoblèm yo tankou reyaksyon estrikti aliman yo, dansite alimantè a ak pran pwa nesèsè pou bon devlopman sèvo a ak kwasans timoun lan.

### Ègoterapi (OT)\*

Ègoterapi a ap ede pou kòdone mouvman nesèsè yo pou nourri, abiye, jwe ak lòt aktivite motrisite presi. Ègoterapet yo kapab tou gen konpetans pou trete pwoblèm tretman sansoryèl yo.

continued...

## Fizyoterapi (PT)\*

Yon kineziterapet ap ede pitit ou an amelyore itilizasyon zo yo, misk yo, atikilasyon yo ak nè yo. Kineziterapet la pral ede ou planifye yon pwogram egzèsis terapetik epi pral travay avèk pitit ou an sou anplitid mouvman yo, fòs, fleksibilite a ak mouvman an.

## Sèvis Sikolojik

Sèvis sikolojik entèkansyon prekòs yo konsantre sou devlopman sosyo afektif lan. Sikològ yo kapab ede ou jwenn mwayen pou jere konpòtman pitit ou an, tankou konseye ou, akonpaye paran yo epi pataje resous itil yo.

## Sèvis travay sosyal

Travay sosyal la gen pou objektif soutni fanmi ou epi ede ou simonte difikilte lavi yo. Asistan sosyal yo ofri konsèy ak fanmi yo epi gwoup paran yo epi mete ou an kontak avèk lòt resous ak soutyen kominotè yo.

\*Ègoterapi a ak kineziterapi a ap atake tou de ak pwoblèm fizik yo. Pandan kineziterapi a ap konsantre sou motrisite global (kapasite pou bouje epi itilize janm yo, bra yo ak tèt la), ègoterapet la ap konsantre l sou motrisite dousman an ak konpetans otonomi yo tankou abiye, nourri epi ale nan twalèt.

## Òtofonni (SLP)

Òtofonni konsantre sou twoub ak reta kominikasyon oswa langaj. Òtofonni yo ap travay avèk ou ak pitit ou pou amelyore konpetans yo nan sa ki gen rapò ak langaj epi kominikasyon. Yo kapab ede ou devlope lòt mwayen kominikasyon yo, tankou langaj siy yo, imaj yo oswa lòt mwayen kominikasyon yo. Òtofonni yo kapab tou travay sou fason kote pitit ou an ap itilize bouch li pou manje epi pwodwi son yo.

## Sèvis vizyon yo

Sèvis vizyon yo gen ladan yo idantifikasyon yon defisyans vizyèl, yon sesite oswa yon pèt vizyon ki ta kapab afekte devlopman pitit ou an. Sèvis entèkansyon posib yo kapab gen ladan yo yon espesyalis oryantasyon ak mobilite oswa yon espesyalis nan sesite oswa malvwayans k ap travay avèk ou, ak pitit ou an pou atenn pi wo potansyèl yo a.

## Epi pi plis ankò

First Steps ap mete ou tou an kontak avèk sèvis adapte yo pou pitit ou an, tankou sèvis teknoloji asistans yo, sèvis medikal dyagnostik yo, sèvis sante ak swen enfimye yo, sèvis transpò ak lòt ankò. Lè w ap travay avèk First Steps, ou an kontak avèk yon rezo pwofesyonèl k ap soutni w nan tout Eta a.

# Garanti Pwosediral Yo

## Vizyon nou

First Steps vle pou tout fanmi yo nan Indiana gen yon baz solid pou ede timoun yo grandi epi devlope yo jiskaske yo atenn pi wo potansyèl yo. Se poutèt sa n ap travay an ekip avèk ou, ak timoun ou an, lè n ap defann devlopman li epi n ap ba li sèvis apwopriye yo n ap chwazi ansanm.

Gras ak yon travay an ekip, nou pral ede timoun ou an vin gen konpetans yo, devlopman ak konesans ki pral pèmèt li epanwi l epi franchi etap devlopman li yo.

## Fanmi yo Toujou Gen Dwa yo

Paran timoun yo enskri nan First Steps ap benefisye anpil pwoteksyon selon lwa sou edikasyon moun andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act - IDEA). Pwoteksyon sa yo, yo konnen yo sou non "garanti pwosediral yo", garanti w ap resevwa enfòmasyon yo epi w ap bay otorizasyon avan kèk aktivite fèt, konfidansyalite epi aksè ak dosye timoun ou an epi fanmi ou pwoteje epi ou gen aksè ak plizyè metòd pou rezoud dezakò yo ak konfli ki kapab rive yo.

### 1

#### Fanmi yo gen dwa pou bay konsantman yo.

Paran yo kapab chwazi pou bay oswa pa bay pèmasyon pou patisipe nan sèvis yo. Objektif nou se pou pèmèt ou pran desizyon yo pandan ou byen enfòme pou pitit ou ak fanmi ou.

### 2

#### Fanmi yo gen dwa pou yo prevni yo alavans.

Paran yo pral enfòme pa ekri avan aktivite kle yo oswa chanjman sèvis ou fèt. Yo pral enfòme ou nan fason nou pwopoze pou travay avèk ou ak pitit ou an epi ou pral gen tan pou reflechi nan fason ou swete pwosedè.

### 3

#### Fanmi yo gen dwa pou yo respekte vi prive yo.

Vi prive se pi gwo priyorite pou First Steps. Nenpòt enfòmasyon k ap pèmèt yo idantifye ou, idantifye pitit ou an oswa fanmi ou pa pral kominike andeyò pwogram nan san otorizasyon ou avan sa sof si nan ka kote lalwa otorize l.

### 4

#### Fanmi yo gen dwa pou yo an dezakò.

Nou panse se fanmi yo ki konnen pitit yo a pi byen. Ou gen dwa pou an dezakò, epi nou pral travay avèk ou pou jwenn nouvo solisyon yo. Ou gen dwa tou pou fè apèl ak kèk opsyon fòmèl pou rezoud konfli yo epi reponn ak preyokipasyon ou yo.

Dwa sa yo garanti pa lwa federal yo ak tout fanmi k ap travay avèk First Steps. Kòdonatè sèvis ou an pral esplike w dwa ou yo tout pandan patisipasyon fanmi ou an nan pwogram First Steps la epi pral kominike ou yon gid ki pi detaye sou garanti pwosediral yo. Nou ankouraje ou pou konsilte dokiman sa yo epi konsève yo tankou resous yo.

## Etap Fiti yo

First Steps konprann li difisil pou ou ak pitit ou an pou kite pwogram lan. Sa kapab sanble se yon gwo chanjman epi gen twòp opsyon pou chwazi lè n ap panche sou avni an.

Erezman, kòdonatè sèvis ou an kapab ede ou pi byen konprann opsyon sa yo epi deside avèk ou etap k ap vini yo. Yo pral diskite sou posibiltè plasman fiti yo, sèvis yo ak soutyen nan kominote ou an epi pral ede ou, ou menm ak pitit ou an, pou prepare ou ak chanjman yo. First Steps kapab menm pataje enfòmasyon enpòtan ou sou bezwen pitit ou an avèk fiti founisè swen yo pou yon pi bon asistans!

**Yon reyinyon tranzisyon avèk kòdonatè sèvis ou an trè enpòtan pou detèmine lavni pitit ou an avèk sèvis devlopman yo. Nou vle asire nou w ap kapab fè chwa byen enfòmasyon yo sou swè ou yo ak bezwen ou yo epi pa pitit ou an, nan ki gen konsène èd siplemantè. Reyinyon sa pèmèt pou pase kòman lan byen ak fiti founisè swen yo lè pitit ou an pral tèmine pwogram First Steps la. Ou pral pran yon desizyon sou opsyon tranzisyon pitit ou an pandan reyinyon sa.**

W ap jwenn pi ba a yon lis opsyon ou kapab pale avèk kowòdonatè sèvis la pandan reyinyon tranzisyon an avan pitit ou gradye nan First Steps lè li gen 3 zan.

### Sistèm Eskolè Piblik

Sistèm eskolè piblik la, kòmanse nan lekòl matènèl, kapab ede pou pi byen evalye bezwen pitit ou an epi bay sèvis yo nan anviwònman eskolè a.

- Tout sistèm eskolè piblik yo ofri yon èd ki menm jan ak First Steps, tankou sèvis kominikasyon yo, ègoterapi a, kineziterapi, transpò ak plis lòt bagay.

### Resous Leta Yo

Leta kapab travay an kolaborasyon avèk sistèm eskolè yo epi bay sèvis espesifik yo ak pitit ou an nan laj twa zan. Lekòl ki nan lis anba a aksesib ak pitit ou an selon bezwen li yo.

- The Indiana School for the Deaf
- The Indiana School for the Blind

### Head Start

Head Start se yon pwogram federal k ap favorize preparasyon pou lekòl timoun ki gen mwens 5 lane. Tankou First Steps, Head Start se yon pwogram ki chita sou fanmi.

- Head Start mete priyorite a sou wòl paran yo, ki se premye epi pi enpòtan edikatè pitit yo a. Pwogram sa yo pèmèt etabli relasyon avèk fanmi yo k ap favorize byennèt yo epi anpil lòt domèn devlopman.

### Terapi nan klinik ak lakay

Pwogram terapi yo ak devlopman prive yo kapab kòmanse depi pitit ou an fini pwogram First Steps la.

### Pa gen entèkansyon fòmèl

First Steps gen pou misyon ede fanmi yo nan tranzisyon pou kite pwogram nou an. Nan moman reyinyon tranzisyon an, ou kapab chwazi pa enskri pitit ou an nan sèvis edikasyon espesyal preskolè piblik yo. Si ou refize pwosesis tranzisyon dousman sa ant pwogram yo epi w ap chanje davi apre sa, detèminasyon elijibilite ak kòmansman sèvis yo pa pral garanti avan twazyèm anivèsè pitit ou an.

- Tanpri diskite avèk kòdonatè sèvis ou an sou detay chak tranzisyon ak fason l ap afekte fanmi ou.

### Plis Opsyon

- Ou kapab entèrese ak lòt opsyon edikasyon ak swen prekòs yo nan kominote ou an, tankou yon pwogram lajounen pou paran yo, yon lekòl matènèl, yon koperativ paran anseyan ak opsyon gad timoun.

**Pou plis enfòmasyon, ou kapab kontakte 211 oswa ajans lokal resous ak oryantasyon ou an nan sa ki gen rapò ak gad timoun.**

# Pakou Ou nan First Steps

An n dekouvri ansanm pakou First Steps la, soti nan kòmansman rive nan fen!

## 1 Oryantasyon nan First Steps

Tout moun kapab oryante yon timoun nan pwogram First Steps la! Fanmi yo kapab oryante yo yo menm nan pwogram First Steps la lè y ap kontakte direktman biwo a nan pwen antre sistèm nan. Sepandan, fanmi yo kapab tou oryante nan pwogram lan pa pedyat yo, founisè sèvis gad timoun yo oswa ajans sèvis sosyal yo.

## 2 Admisyon

Yon kòdonatè sèvis pral òganize yon evalyasyon gratis avèk yon ekip miltidisciplinè pwofesyonèl pou idantifye reta devlopman yo epi detèmine elijibilite pwogram lan.

Sèvis san kanpe yo kapab peyan selon revni ak asirans fanmi ou. Kòdonatè sèvis ou an pral travay avèk ou pou detèmine si ou ta dwe patisipe ak kòb ou epi kisa sa kapab siyifi pou ou.

## 3 Koneksyon avèk Ekip la

- Yon kòdonatè sèvis yo pral travay avèk ou tout pandan sejou fanmi ou nan First Steps.
- Kòdonatè sèvis yo responsab pou kominike avèk diferan òganis ki ta kappab bay sèvis ak pitit ou an, ak fanmi ou.

## 4. Elaborayon yon plan

- Kòdonatè sèvis lan, ou menm ak moun ou swete enkli (pa egzanp, lòt manm nan fanmi ou, founisè sèvis gad timoun yo, founisè entèkansyon prekòs yo, elt.) pral reyini pou egzamine rezilta evalyasyon yo, diskite preyoqipasyon yo ak priyorite yo epi detèmine objektif ou yo pou pitit ou an, sèvis yo pral ba li yo, epi espas ak fason pwogrè yo pral mezire.
- Enfòmasyon sa yo ap konpile epi ekri nan plan sèvis famiyal endividyalize a (IFSP).

## 5 Kòmansman sèvis yo

- Sou baz enfòmasyon resevwa yo nan IFSP ou an, First Steps pral mete ou, ou menm ak pitit ou an, an kontak avèk sèvis apwopriye yo nan rejyon ou an pou kòmanse entèkansyon prekòs la.
- Sèvis yo ta dwe kòmanse nan yon ti tan apre elaborasyon IFSP ou an.

## 6 Revizyon plan an

- IFSP a revize chak sis mwa epi elijibilite pou pwogram lan detèmine chak ane.
- Sèvis nou yo ap evolye selon bezwen pitit ou an ak fanmi ou.

## 7 Pwochè Etap yo

- Lè pitit ou an atenn etap yo nan devlopman li an oswa kòmanse apwoche twazyèm anivèsè li, ekip First Steps la pral travay avèk ou pou jwenn sèvis apwopriye yo lè pitit ou an ak fanmi ou pral kite pwogram lan.
- Ekip First Steps la pral ba ou enfòmasyon yo epi pral diskite avèk ou kèk opsyon pou pwochè etap yo. Nou la pou ou pou ede ou fè tranzisyon nan lekòl la ak estrikti kominotè yo.